



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/29/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE YON ANALIZ ENDEPANDAN SOU SEKIRITE LIY TIYO ALGONQUIN TOUPRE IZIN ENÈJI NIKLEYÈ INDIAN POINT

Kat ajans eta mande ke Komisyon Reglematasyon Enèji Federal kanpe konstriksyon nan liy tiyo Algonquin jiskaske revizyon enepandan sou risk la fini

Gade lèt ki ale nan [FERC isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande ke ajans yo nan eta voye yon lèt ki mande Konstriksyon Règlemantasyon Enèji Federal pou imedyatman kanpe konstriksyon nan liy tiyo gaz natirèl Algonquin jiskaske yo fin fè yon revizyon konplè sou sekirite. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans, Komisyon Sèvis Piblik, Depatman Konsèvasyon Anviwonman. ak Depatman Sante te fè soti yon lèt jodia.

"Sekirite Nouyòkè yo se premye responsabilite gouvènman eta lè lap pran nenpòt desizyon. Pandan dènye mwa ki sot pase yo te gen yon seri ensidan grav nan etablisman Nikleyè Indian Point la, sa ke administrasyon mwen an te ankete," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Anmenmtan, Komisyon Règlemantasyon Enèji Federal la te apwouve yon liy gaz natirèl toupre Indian Point. Mwen mande administrasyon mwen an pou kòmanse touswit yon analiz revizyon endepandan sekirite sou pwojè liy tiyo gaz natirèl la e jiskaske sa fèt, nou ankouraje Komisyon Règlemantasyon Enèji Federal la pou sispann pwojè a."

Sou demann Gouvènè Cuomo, ajansa sa yo aktyèlman ap fè yon ankèt konplè sou diferan echèk ki te ka prezante yon risk pou sante ak sekirite pou moun yo kap viv ak travay toupre Indian Point. Ankèt la ap egzamine plizyè fèmte ki pa planifye, yon transfòmasyon dife kap deklanche deklarasyon de yon evènman ijans inabityèl, e pi resaman, yon ekoulman nan nivo trityòm radyo-aktif la te ogmante pa plis pase 65,000 pousan.

Byenke aplikan pwojè a te dakò pou pran mezi konstriksyon ki pi strik toupre Indian Point, ankèt Eta ki ankou ap evalye kapasite mezi sa yo e li ka revele tou nouvo enfòmasyon sou risk anviwonmantal, sante ak sekirite ke enplantasyon pwojè sa poze. Eta toutfw a anouraje Konstriksyon Règlemantasyon Enèji Federal pou sispann konstriksyon nan liy tiyo gaz natirèl Algonquin jiskaske analiz Eta fini e yo ka detèmine ke pwojè a pap afekte sante ak sekirite kominote avwazinan yo.

###

Wap jwenn lòt nouvèl disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418